

30 Avril 2019

Chè Fanmi:

Chak ane, tout lekòl piblik yo ak distri lekòl yo nan Massachusetts resevwa yon kanè. Menm jan kanè pitit ou a montre ki jan yo ye nan diferan matyè, kanè lekòl la fèt pou montre fanmi yo ki jan lekòl pitit ou a ye nan diferan domèn. Yon lyen pou kanè pitit ou a disponib nan <http://reportcards.doe.mass.edu> . Sou sit wèb la, nan espas pou fè rechèch la, mete “Lynn”. Yon lis lekòl ap parèt. Chwazi non lekòl pitit ou a pou w wè kanè l la.

Kanè a gen ladan l plizyè mezi pou pèfòmans lekòl la – plis pase sèlman nòt MCAS yo (Sistèm Evalyasyon Konplè Massachusetts). Se yon nouvo fason pou gade pèfòmans yon lekòl lè l bay enfòmasyon sou pèfòmans elèv, kalifikasyon pwofesè, okazyon pou elèv aprann, ak plis toujou.

Kanè sa yo fèt kòm zouti ki itil pou tout moun ki gen rapò ak lekòl nou an. Fanmi yo ka itilize enfòmasyon sa yo pou pale avèk nou ak plis pwofondè sou sa lekòl la ap fè byen ak ki kote l ka amelyore. Lidè nan kominote yo ak lidè nan edikasyon yo ka itilize enfòmasyon an pou pi byen konprann ki jan pou yo soutni elèv yo ak lekòl la.

Distri a ap travay di pou l amelyore pèfòmans elèv yo nan lekòl nou yo. Nou ankouraje w vin enplike tou nan ede nou amelyore lekòl nou an. Nou wè paran kòm patnè esansyèl nan reyisit elèv nou yo ak lekòl nou an, e nou rekonesan pou soutyen nou kontinye ban nou.

Pitit ou asiste yon lekòl ki resevwa fon Tit I, sa vle di ou gen dwa pou w mande enfòmasyon ki vin apre a konsènan kalifikasyon pwofesè pitit ou yo:

- Si pwofesè pitit ou gen yon lisans pou nivo ak matyè li anseye a
- Si pwofesè pitit ou ap anseye avèk yon lisans dijans oswa yon renonsyasyon
- Diplòm inivèsite pwofesè pitit ou te jwenn ak matyè prensipal li te aprann, epi
- Si pitit ou resevwa sèvis nan men parapwofesyonèl, e si se wi, ki kalifikasyon yo.

Si w gen kesyon sou kanè lekòl nou an, si w ta renmen vin enplike nan aktivite pou amelyore lekòl la, oubyen si w ta renmen mande enfòmasyon sou kalifikasyon pwofesè klas pitit ou yo, tanpri, kontakte direktè lekòl ou a.

Sensèman,

Patrick A. Tutwiler, PhD  
Siveyan Jeneral Lekòl yo